

AMANDMAN KONSTITISYONÈL TÈKS KONPLÈ

Atik ak Seksyon ke yo ap Kreye oswa Amande:

Kreye nouvo seksyon 33 nan Atik X.

Tèks Konplè Amandman ki Pwopoze a:

Yo ajoute yon nouvo Seksyon 33 nan Atik X Konstitisyon Leta a, jan sa a:

SEKSYON 33. Bay Asirans Medicaid pou Adilt Pa Gen Anpil Lajan yo ki Kalifye .-

(a) ASIRANS MEDICAID POU ADILT KI PA GEN ANPIL LAJAN. Leta va bay Benefis Medicaid pou Adilt ki Pa Gen Anpil Lajan yo ki gen 18 lane laj ak anba laj 65 lane ki gen revni ki sant trant-uit pousan (138%) nivo povrete federal la oswa pi ba, epi ki satisfè kondisyon elijibilite finansye lwa federal Medicaid la. Leta pa dwe enpoze sou Adilt ki Pa Gen Anpil Lajan yo chay ki pi gwo oswa anplis oswa restriksyon sou kalifikasyon, enskripsyon, oswa benefis plis pase sou nenpòt lòt popilasyon ki kalifye pou asistans medikal.

(b) DEFINISYON. Pou bi seksyon sa a, mo ak tèm sa yo dwe gen siyifikasyon yo declare yo:

(1) "Adilt ki pa gen anpil lajan yo" vle di moun ki gen laj 18 lane e ki poko gen laj 65 lane, revni ki se sant trant-uit pousan (138%) nivo povrete federal la oswa pi ba, jan yo dekri ak itilize li nan metodoloji revni founi pa lwa federal Medicaid 42 USC § 1396a(a)(10)(A)(i)(VIII), epi ki satisfè kondisyon ki pa finansye kalifikasyon pou Medicaid dapre 42 CFR Pati 435, Soupati E.

(2) "Ajans pou Administrasyon Swen Sante" oswa "Ajans" refere a yon sèl ajans Leta ki responsab pou administre plan Medicaid Florida a dapre 42 US. § 1396a (a) (5) ak § 409.902, Fla.Stat.

(3) "Amanman Plan Leta" vle di dokiman Leta soumèt nan Sant pou Medicare ak Medicaid Services (CMS) pou revizyon ak apwobasyon anvan yo fè yon chanjman nan règleman pwogram li yo, enkli tabli gwoup moun dwe kouvri.

(4) "Sant pou Medicare ak Medicaid Services" refere a ajans ki responsab pou administre pwogram Medicaid la nan nivo federal, tankou revizyon ak apwobasyon Amanman Plan Leta a.

(c) ENPLEMANTASYON.

(1) 90 jou apre votè yo apwouve Seksyon sa a, pou yo kapab enplemante estipilasyon Medicaid ki kouvri Adilt Ki Pa Gen Anpil Lajan yo ak pou yo jwenn Pousantaj fon Asistans Medikal Federal la pou yo peye asirans yo, Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Agency for Health Care Administration) va soumèt yon Amanman Plan Leta a ak tout lòt dokiman ki nesèsè yo, epitou yo dwe swiv nenpòt lòt etap ki nesèsè pou chèche apwobasyon obligatwa yo nan Sant Sèvis pou Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services) pou enkli Adilt Ki Pa Gen Anpil Lajan yo kòm yon asirans an gwoup nan pwogram Medicaid Florid la.

(2) Pa gen anyen nan Seksyon sa a ki va limite Lejislati a pwomilge lwa ki konsistan avèk Seksyon sa a. Espesyalman, li konsistan avèk seksyon sa a pou ajoute yon nouvo souseksyon (seksyon (9) anba) nan Lwa.Fla. 409.903 Peman obligatwa pou moun ki kalifye yo.-

(9) Yon moun ki gen laj 18 tan e ki poko gen laj 65 lane ki gen revni ki se 138 pousan nan nivo povrete oswa pi ba.

Enfòmasyon sou Inisyativ

Dat Apwouve: 12/12/2018

Non Sponsor: Florida Decides Healthcare, Inc.

Adrès Sponsor: 3948 3rd Street South, #26, Jacksonville Beach, FL 32250

Nimewo Seri: 18-16